



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONTE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE
ENVESTIGATÈ RETRETE PATRICK J. HOGAN KI TONBE**

Drapo yo ap flote a demi ma nan 19 ak 20 avril

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo sou bilding eta a yo pral flote a demi ma nan 19 ak 20 tavril nan onè Envestigatè Retrete Patrick J. Hogan ki tonbe.

"Nou pèdi yon vrè ewo ak yon fonksyonè piblik nan Envestigatè Patrick J. Hogan, ke yo ap toujou sonje devouman li pou pwoteje ak sèvi kominote li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Yo p ap janm bliye sakrifis ak angajman Envestigatè Hogan anvè pèp New York la epi nou dwe li ak tout moun ki afekte nan 11 septanm lan pou kontinye goumen pou sante ak byennèt yo."

Nan dat 13 avril 2023, Envestigatè Hogan te mouri nan yon maladi ki te atrape nan travay li nan ak alantou sit World Trade Center a apre atak teworis 11 septanm 2001 an. Li te retrete nan Lapolis Eta New York apre 22 ane nan sèvis devwe nan dat 30 me 2018. Envestigatè Hogan soti nan Wynantskill, NY, epi li te viv bò kote madanm li ak twa timoun.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418